

6. “Nalika sumerep bilih putra saking mitranipun dipuncidra dening Rahwana, Jathayu enggal-enggal paring tetulung. Kreta kencana dipuntrajang kemawon lajeng Shinta dipunrebat. Nanging Rahwana nggegegi, boten nguwalaken, dedreg udreg-udregan, rebutan Shinta wonten ing gegana. Eman, dene Jathayu kalindhih, dipuntatoni saha dipunajar dening Rahwana. Salah satunggaling swiwi sengkleh tugel”.

Saka pethikan wacan ing dhuwur, watak paraga Jathayu lan Rahwana yaiku.....

- A. Jathayu duwe watak angkara, Rahwana duwe watak serakah
- B. Jathayu duwe watak serakah, Rahwana duwe watak loma
- C. Jathayu duwe watak seneng tetulung, Rahwana duwe watak manutan
- D. Jathayu duwe watak seneng tetulung, Rahwana duwe watak serakah

7. “Ing satengahe alas banjur Rama bali menyang papan nalika ninggal Dewi Sinta. Tekan papan panggonane, Sinta ora ana. Rama nemokake kembang, cundhuk mentul lan panganggone Sinta pating kececer. Banjur Rama lan Lesmana nggoleki Sinta ning ora ketemu. Rama nesu banget nganti jagad sak isine arep dijungkir walik”. Gayut saka petikan wacan kasebut, pranyatan ngisor iki kang trep yaiku....

- A. Raden Rama seneng nalika nemokake Sinta
- B. Rama nesu marang Lesmana amarga Sinta wis ora ana
- C. Dewi Sinta njaga prasetyane marang Raden Rama
- D. Sinta wis kasil diboyong Rahwana gawe Rama nesu

8. Gatekake gambar ana ngisor iki!



Sapa paraga ing sisih kuwi? Apa gayutane ana ing carita Ramayana?

- A. Rama Legawa, duwe gaman panah gunawijaya
- B. Ramawijaya, rayine Lesmana
- C. Rama Legawa, duwe watak angkara
- D. Ramawijaya, ksatriya saka Alengka

9. Wujude Anoman kuwi kethek warna putih, dene Anggada kuwi kethek warna.....

- A. pethak
- B. abrit
- C. cemeng
- D. kuning

10. Kagatekake urutan prastawa ngisor iki!

a	Dewi Sinta kasil diboyong Rahwana
b	Rama nesu arep njungkir walik jagad
c	Resi Jathayu arep nulungi Sinta
d	Resi Jathayu tugel swiwine amarga Rahwana
e	Rama lan Lesmana ketemu Resi Jathayu

f	Resi Jathayu crita yen Sinta diboyong Rahwana
---	---


Urutan prastawa Labuh Labete Resi Jathayu kang becik yaiku.....

- A. a,b,c,d,f,e
- B. a,b,d,c,e,f
- C. c,d,a,b,e,f
- D. c,a,f,e,d,b

11. Saka carita Labuh Labete Resi Jathayu, paraga kang trep marang watake yaiku...

- A. Prabu Dasamuka duwe watak wengis lan serakah amarga nyolong Dewi Sinta
- B. Ramawijaya duwe watak setya, amarga nesu Dewi Sinta diboyong Rahwana
- C. Raden Lesmana duwe watak licik, amarga biyantu Rahwana
- D. Resi Jathayu duwe watak seneng tetulung, amarga nulungi Rama

12. Paraga wayang Anoman ana ngisor iki yaiku.....



Gatekake tembang Macapat ngisor iki kanggo nomor 13-16 !

Ingkang becik kojahipun,
 Sira anggoa kang pasthi,
 Ingkang ala singgahana,
 Aja sira anglakoni,
 Lan den awas wong akojah,
 Iya ing masa puniki.

13. Piwulang luhur kanga ana ing tembang dhuwur yaiku....

- A. kudu tansah waspada marang pocapan ala
- B. kudu tansah waspada marang banda donya
- C. kudu tansah waspada marang kahanan ala
- D. kudu tansah waspada marang bandane wong liya

14. Paugeran macapat kang gayut ana ing tembang dhuwur yaiku.....

- A. Guru gatra ana 5
- B. Guru wilangane ana 6
- C. Guru lagune ana 7
- D. Guru gatrane ana 6

15. Mitutut paugerane macapat, tembang macapat ndhuwur yaiku.....
 - A. Megatruh
 - B. Kinanthi
 - C. Gambuh
 - D. Mijil
16. Paugeran macapat gatra kaping telu tembang dhuwur yaiku...
 - A. guru gatra 6, guru lagu a
 - B. guru lagu i, guru wilangan 5
 - C. guru wilangan 8, guru lagu a
 - D. guru wilangan 8, guru gatra 6
17. Paugeran macapat gatra kaping lima tembang dhuwur yaiku.....
 - A. guru gatra cacah 6
 - B. guru wilangan cacah 8
 - C. guru lagu i
 - D. guru gatra cacah 5
18. Perang antarane Prabu Rama lan Prabu Dasamuka diarani.....
 - A. Bharatayudha
 - B. Mahabharata
 - C. Ramayana
 - D. Brubuh Alengka
19. Kang ora kalebu tembang macapat yaiku.....
 - A. Asmarandana
 - B. Asmaradahana
 - C. Megatruh
 - D. Sinom
20. Ana ing carita "Labuh Labete Jathayu", paraga utamane yaiku....
 - A. Prabu Rama
 - B. Dewi Sinta
 - C. Prabu Rahwana
 - D. Resi Jathayu
21. Cara ngrakit cakepan kanggo tembang macapat kudu milih tetembungan kang edi peni, kenangapa?
 - A. amarga tembang macapat kuwi kasya sastra nganggo basa kiasan
 - B. amarga tembang macapat kuwi tembang kang apik
 - C. amarga tembang macapat kudu nduweni tetembungan kang angel
 - D. amarga tembang macapat kudu nduweni teges kang apik
22. "Ramawijaya garwane Dewi Sinta." Manawa katulis ana ing aksara Jawa yaiku.....





23. Carita Wali sanga kalebu jinising legendha keagamaan, kenangapa?
- A. amarga awujud carita kang takhayul
 - B. amarga ngandharake tokoh-tokoh penting
 - C. amarga ngandharake crita tokoh agama
 - D. amarga mujudake asal-usul panggonan
24. Carita legendha Telaga Menjer kuwi wis dadi warisan budaya lisan masarakat sakiwa tengene Telaga Menjer, pranyatan kasebut kalebu tetenger legendha apa? Apa sebabe?
- A. anonim, amarga dianggep duweke rakyat bareng-bareng
 - B. statis, amarga oleh owah-owahan saka jaman biyen nganti saiki
 - C. kolektif, amarga duweke rakyat bareng-bareng
 - D. imajiner, amarga nggambarake warisan budaya masarakat
25. Kang ora kalebu tuladha legendha sawijining papan yaiku....
- A. asal-usul Telaga Warna
 - B. asal-usul alun-alun Wonosobo
 - C. legendha babad kutha Wonosobo
 - D. legendha Telaga Menjer
26. Sawise Tina bali seka candi Prambanan, Tina ngrasakake terhibur lan bungah atine. Pranyatan iki tuladha saka kagunan legendha yaiku.....
- A. didaktif
 - B. estettis
 - C. moralitas
 - D. rekreatif
27. Bayu seneng banget marang kaendahan Telaga warna kang banyune warna-warni. Pranyatan iki kalebu jinising kagunan legendha apa? Apa sebabe?
- A. rekreatif, amarga menehi nilai kaendahan
 - B. estetis, amarga menehi nilai hiburan
 - C. rekreatif, amarga menehi nilai hiburan
 - D. estetis, amarga menehi nilai kaendahan
28. Santi kuwi bocah sregep, saben dina mesti semangat anggone sekolah lan sinau. Watake Santi yen katulis ing tembung Entar yaiku....

- A. dawa tangane
B. adus kringet
C. gedhe atine
D. kandel kupinge
29. “Unggah-ungguh Basa”. Manawa katulis ana ing aksara Jawa yaiku.....
A. ꦲꦸꦁꦒꦲꦸꦁꦨꦱꦱꦤ꧀
B. ꦲꦸꦁꦒꦲꦸꦁꦒꦱꦱꦤ꧀ꦲꦱꦤ꧀
C. ꦲꦸꦁꦒꦲꦸꦁꦒꦱꦱꦤ꧀
D. ꦲꦸꦁꦒꦲꦸꦁꦒꦱꦱꦤ꧀ꦲꦱꦤ꧀
30. Nalika nindakake guneman marang wong liya, ora oleh waton. Apa tegese?
A. nalika nindakake guneman kudu nggatekake papan panggonan
B. nalika nindakake guneman kudu bisa gawe seneng wong kang dijak guneman
C. guneman kudu nganggo aturan, kayata unggah-ungguh basa kang trep
D. guneman kudu nggatekake kaya apa busana kang dienggo wong kang dijak guneman
31. Kagatekake pranyatan ngisor iki!
1. Ngoko lugu
2. krama lugu
3. ngoko alus
4. krama alus
- Unggah-ungguh basa kang trep kanggo guneman marang wong kang luwih tua yaiku.....
A. 1 lan 2
B. 2 lan 3
C. 2 lan 4
D. 3 lan 4
32. Kagatekake pranyatan ngisor iki!
1. krama lugu, tembung kriya “panjengengan” dikramakake
2. ngoko alus, tembung sesulih “panjenengan” dikramakake
3. krama lugu, tembung sesulih “siram” dikramakake
4. ngoko alus, tembung kriya “siram” dikramakake
- “Pak, panjenengan apa mau wis siram?”. Saka ukara kasebut, migunakake unggah-ungguh basa apa?apa sebabe?
A. 1 lan 3
B. 3 lan 3
C. 2 lan 4
D. 1 lan 4
33. Kagatekake pranyatan ngisor iki
1. Sampeyan badhe tindak dhateng pundi?

D. 1 lan 4

40. Kagatekake pranyatan ngisor iki!

1. dadya wong kang ngrasa cukup, aja kemaruk
2. tansah tetulung marang wong liya, mbela bab kang becik
3. aja seneng ninggal mbakyumu dhewe ana tengah alas
4. dadya wong kang duwe kasetyan, aja gampang kegodha

Saka carita Labuh Labete Jathayu, apa piwulang luhur kang disa dituladhani?

- A. 1 lan 2
- B. 2 lan 3
- C. 1 lan 4
- D. 3 lan 4

41. Apa tegese kagunan rekreatif ana ing carita legendha ?

- A. menehi rasa tentrem, seneng uga menehi hiburan.
- B. ndidik para kang maca amarga nilai-nilai kebeneran lan keapikan kang ana ing sajroning crita.
- C. menehi nilai-nilai kaendahan.
- D. ngandhut nilai-nilai moral kang dhuwur saengga para kang maca bisa mangerteni moral kang becik lan ala.

42. Apa tegese kagunan religious ana ing cerita legendha ?

- A. ndidik para kang maca amarga nilai-nilai kebeneran lan keapikan kang ana ing sajroning crita.
- B. menehi nilai-nilai kaendahan.
- C. ngandhut nilai-nilai moral kang dhuwur saengga para kang maca bisa mangerteni moral kang becik lan ala.
- D. ngandhut ajaraning agama kang bisa didadekake tuladha kanggo para kang maca

43. Tata krama njajan ing kantin :

- a. Antri sing sopan aja dhisik- dhisikan.
- b. Wijik dhisik sakdurunge mangan jajan.
- c. Mangan bisa nganggo tangan kiwa.
- d. Menawa mbayar aja ngapusi, antarane sing dijupuk karo olehe mbayar kudu padha.
- e. Migunakake basa sing sopan karo ibu kantin.
- f. Yen wis mbayar banjur lungguh ing papan kang disedhiyakake.
- g. Aja lali dedonga sakdurunge mangan manut agamane dhewe- dhewe.
- h. Mangan karo mlaku- mlaku utawa karo ngadeg.
- i. Sakwise rampung olehe mangan, uwuh dibuwang kalen.

Tata krama kang ora becik ditindakake yaiku

- A. a, b lan c

- [illegible]

D. ngoko alus

50. Ing ngisor iki ukara kang migunakake ngoko alus yaiku

A. aku nyuwun priksa apa panjenengan sesuk sida tindak?

B. bapak dinten menika badhe tindak dhateng Jakarta

C. kowe arep lunga menyang ngendi?

D. simbah sampun wangsul saking Semarang